**दिन– शुक्रवार** **दिनांक–27.06.2025**

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ अवधिः–05 मिनट

---

राष्ट्रपति द्रौपदी मुर्मू कहलनि अछि जे देशक सतत आर्थिक विकास लेल एक मजगूत, सुक्ष्म, लघु आ मध्यम उद्यम तंत्र आवश्यक अछि। राष्ट्रपति कहलनि जे ई देशक अर्थव्यवस्थाक एक मजगूत स्तंभ अछि। आइ नव दिल्ली मे अंतर्राष्ट्रीय एमएसएमई दिवस समारोह के संबोधित करैत ओ कहलनि जे एमएसएमई क्षेत्र देशक विकास मे महत्वपूर्ण भूमिकाक निर्वहन कऽ रहल अछि। ओ कहलनि जे एमएसएमई क्षेत्र ग्रामीण आ पछड़ल क्षेत्र मे रोजगारक अवसर उत्पन्न करैत अछि। राष्ट्रपति मुर्मू कहलनि जे एमएसएमई देश मे कृषि के बाद दोसर सभ सँ पैघ रोजगार सृजक अछि। दुनिया भरि मे एमएसएमईक भूमिका के रेखांकित करैत संयुक्त राष्ट्र वर्ष दू हजार सत्रह मे सत्ताईस जून के अंतर्राष्ट्रीय एमएसएमई दिवसक रूप मे नामित कयने छल।

---

एम्हर, राष्ट्रीय एमएसएमई दिवसक अवसर पर राजधानी पटना मे एक कार्यक्रमक आयोजन कयल गेल। उद्योग विभाग द्वारा आयोजित एहि कार्यक्रम मे विभिन्न लाभुक के स्वीकृति राशिक सांकेतिक चेक प्रदान कयल गेल।

---

भारत ऑपरेशन सिंधुक अंतर्गत भारतीय के सुरक्षित निकालि कऽ स्वदेश वापस लयबाक प्रयास मे सहयोग लेल इज्राइल, इरान, जॉर्डन, मिश्र, आर्मेनिया आ तुर्कमेनिस्तानक आभार व्यक्त कयलक अछि। भारत इरान आ इज्राइल सँ अपन नागरिक के वापस लयबाक लेल अठारह जून के ऑपेरशन सिंधु शुरू कयने छल। विदेश मंत्रालयक प्रवक्ता रणधीर जायसवाल जनौलनि जे इरान सँ एखन धरि तीन हजार चारि सय छब्बीस नागरिक के जखनकि इज्राइल सँ एखन धरि आठ सय अठारह भारतीय नागरिक के सुरक्षित निकलल गेल अछि।

---

उपमुख्यमंत्री विजय कुमार सिन्हा कांग्रेस आ राजद पर संवैधानिक संस्था सभक अपमान करबाक आरोप लगौलनि अछि। ओ आइ पटना मे संवाददाता लोकनि के जनौलनि जे जौं चुनाव आयोग पारदर्शिता आ स्वच्छताक संग मतदाता के चिन्हित कऽ रहल अछि तऽ एहि लेल विपक्ष के हरान नहि हेबाक चाही।

———————————————————————

पटना उच्च न्यायालय बिहार पुलिसक उनैस हजार आठ सय अंठावन सिपाहीक स्थानांतरण पर लागल रोक के हटा देलक अछि। कार्यवाहक मुख्य न्यायाधीश आशुतोष कुमार राज्य सरकारक अपील पर सुनवाई करैत ई निर्णय सुनौलनि। हलांकि, जे सिपाही स्थानांतरणक विरूद्ध याचिका दायर करने छलाह हुनक स्थानांतरण पर रोक जारी रहत। विदित अछि जे पांच मई के राज्य सरकार बिहार पुलिसक उनैस हजार आठ सय अंठावन सिपाहीक अंतर्जिला स्थानांतरण कयने छल।

———————————————————————

भ्रष्टाचारक विरूद्ध कार्रवाई मे आर्थिक अपराध इकाई आइ राज्य खाद्य निगम मे पदस्थापित लेखापाल राजेश कुमारक छओ ठेकाना पर छापामारी कयलक। राजेश कुमार वर्तमान मे मोतिहारी मे पदस्थापित छथि। आय सँ दू सय प्रतिशत बेसी संपत्ति अर्जित करबाक मामिला मे ईओयू राजेश कुमारक विरूद्ध मामिला दर्ज कयलक अछि।

———————————————————————

प्रदेश मे साओन मेला के लऽकऽ तैयारी व्यापक स्तर पर चलि रहल अछि। पहलेजा घाट सँ बाबा गरीबनाथ धरि जायवला श्रद्धालु लोकनि लेल मुजफ्फरपुरक आरडीएस कॉलेज मे टेन्ट सिटी बनाओल जायत। पर्यटन सचिव लोकेश कुमार सिंह जनौलनि जे एहि टेन्ट सिटी मे एक हजार श्रद्धालुक बैसबाक क्षमता होयत। दोसर दिस रेलवे साओन मेला मे यात्री लोकनिक सुविधा लेल पटना सँ आसनसोलक मध्य विशेष ट्रेन चलेबाक निर्णय कयलक अछि। ई मेला स्पेशल ट्रेन एगारह जुलाई सँ नओ अगस्त धरि सप्ताह मे पांच दिन चलत।

———————————————————————

दरभंगा मे खरपतवार प्रबंधन विषय पर एक दिवसीय कैम्पस प्रशिक्षण कार्यक्रमक आयोजन कयल गेल। एहि अवसर पर कृषि विज्ञान केन्द्रक वैज्ञानिक निधि कुमारी जनौलनि जे धानक सीधा रोपनी सँ कम लागति मे बेसी आमदनी होयत। ओ कहलनि जे तकनीकक माध्यम सँ खरपतवारक प्रबंधन कयल जा सकैत अछि।

———————————————————————

मधुबनी स्थित व्यवहार न्यायालय मे अभिलेख सभक स्कैनिंग डिजीटलकरण कयल जायत। व्यवहार न्यायालय मे जिला आ सत्र न्यायाधीश अनामिका टी स्कैनिंग सह डिजीटलाइजेशन केन्द्रक उद्‌घाटन कयलनि।

———————————————————————

प्रदेश मे विभिन्न स्थान पर बरखा भऽ रहल अछि। मौसम विभाग आइ अररिया, किशनगंज, पूर्णियां, गया आ औरंगाबाद जिला मे किछु स्थान पर भारी बरखा हेबाक चेतावनी देलक अछि। ओतहि, प्रदेशक उत्तर–पश्चिमी आ दक्षिणी भाग मे कतहु–कतहु अन्हर आ ठनका के लऽकऽ ऑरेंज अलर्ट जारी कयल गेल अछि। विभाग तीस जून सँ प्रदेशक अधिकांश भाग मे बरखा हेबाक संभावना कहलक अछि।

———————————————————————

समाप्त